



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

LARI KI PI AN SEKIRITE: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 20.7 MILYON DOLA POU PWOGRAM SANSIBILIZASYON KOMINOTÈ YO POU REDUI VYOLANS AK ZAM AK SOVE LAVI NAN 14 KOMINOTE NAN ETA NOUYÒK

Yo bay sibvansyon Sansibilizasyon nan Lari SNUG yo bay òganizasyon kominotè yo ak sant twomatiz ak moun ki se mesaje kredib epi k ap travay ak moun ki an risk yo

Ensidan fiziyad ki lakòz bleseyo rive nan yon nivo ki ba ki bat rekò nan kominote k ap patisipe yo nan inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam Eta a

Bidjè Ane Fiskal 2026 Gouvènè a kontinye sipò san parèy pou inisyativ prevansyon kont krim nan kominote ki rapòte apeprè 90% krim vyolan ak zam afe yo, 85% krim vyolan andeyò Vil Nouyòk

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gen 20.7 milyon dola pou sipòte pwogram Sansibilizasyon nan Lari SNUG yo ki travay pou redwi vyolans ak zam epi sove lavi nan 14 kominote atravè Eta Nouyòk. Sibvansyon sa yo bay òganizasyon kominotè ak lopital yo finanse travayè sansibilizasyon yo, sekouris lopital yo, travayè sosyal yo ak jesyonè ka yo ki se mesaje kredib epi k ap travay ak moun ki riske sibi vyolans ak zam, konekte yo ak sipò ak sèvis pou chanje konpòtman epi ogmante opòtinite. Semèn pase a, Gouvènè Hochul te anonse ke [ensidan fiziyad ki lakòz blese yo rapòte nan kominote k ap patisipe nan inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam \(Gun Involved Violence Elimination, GIVE\) Eta a te rive nan yon nivo ki pi ba nan ane 2024](#) ak 588 ensidan yo rapòte konpare ak 817 an ane 2023, yon rediksyon 28 pousan. Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2026 Gouvènè a ap kontinye sipò san parèy pou SNUG, inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam ak lòt inisyativ nan kominote yo ki rapòte 90 pousan krim vyolan ak zam afe ak 85 pousan krim vyolan andeyò Vil Nouyòk.

"Sekirite piblik se priyorite nimewo en mwen, — se poutèt sa Bidjè mwen an envesti nan inisyativ pwouve tankou pwogram SNUG la pou diminye vyolans ak zam, sove lavi epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekip sansibilizasyon atravè Eta a ap travay ansanm ak fòs lòd yo ak patnè lokal yo pou vize vyolans ak zam nenpòt kote li rive, epi pou angaje moun ki gen enterè yo nan yon apwòch konplè ki rann kominote nou yo vin pi an sekirite pou tout moun."

Pwogram SNUG Eta Nouyòk la itilize yon apwoch sante piblik pou abòde pwoblèm vyolans ak zam nan lè li idantifye sous la, entèwonp transmisyon an, epi trete moun, fanmi ak kominote ki afekte pa vyolans lan. Administrasyon pa Divizyon Sèvis Jistis Penal (Division of Criminal Justice Services, DCJS) eta a, SNUG, inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (GIVE), Rezo Sant Analiz kont Krim (Crime Analysis Centers, CAC) Eta a ke yo rekonèt nasyonanman ak Pwojè Reponn, Envesti, Soutni, Ekipe (Respond, Invest, Sustain, Empower, RISE) se eleman kle nan plan konplè Gouvènè Hochul pou adrese kòz ak konsekans vyolans ak zam ak lòt krim yo.

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta Nouyòk la, Rossana Rosado, te deklare, "Ekip Sansibilizasyon nan Lari SNUG nou yo se eleman enpòtan nan plan konplè rediksyon krim ak sekirite piblik Gouvènè Hochul la. Moun sa yo devwe travay nan kominote ki afekte nan vyolans ak zam yon fason ki pa pwopòsyonèl. Yo jwe wòl medyatè ak difize konfli yo epi yo bay aksè a pwogram ak sipò, ki gen ladan konsèy ak jesyon ka, pou jèn yo ak fanmi yo ka pwospere, epi kominote yo ka geri. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li nan travay sa a ak pou lidèchip li sou sekirite piblik la."

20.7 milyon dola a pral finanse anplwaye, pwogram, sèvis, ekipman ak teknoloji pou lokal SNUG yo pandan ane sivil 2025 la. Òganizasyon kominotè ak lopital yo resevwa finansman an, ki sipòte 181 anplwaye a tan plen ak 39 a tan pasyèl ki travay nan katye espesifik nan Albany, Bronx, Buffalo, Hempstead, Mt. Vernon, Newburgh, Niagara Falls, Poughkeepsie, Syracuse, Rochester, Troy, Utica, Wyandanch ak Yonkers. DCJS swiv done fiziyad nan "zòn SNUG" sa yo epi ane pase a, zòn sa yo te rapòte kolektivman yon diminisyon enpòtan ak de chif nan kad viktim fiziyad yo, moun ki te mouri nan vyolans ak zam ak ensidan fiziyad ki lakòz blese lè yo konpare ak 2023.

Travayè sansibilizasyon SNUG yo, travayè sosyal yo, responsab ka yo ak sekouris lopital yo travay nan katye ki afekte nan yon fason ki pa pwopòsyonèl pa vyolans ak zam, epi pwogram nan entegre travayè sosyal yo ak sekouris lopital yo nan sant twomatiz Nivo En (Level One) nan Albany, Buffalo, Bronx, Rochester ak Syracuse yo. Pwofesyonèl sa yo travay ak moun ak fanmi apre yon ensidan vyolan pou ofri sipò, sèvis epi konekte yo ak pwogram SNUG nan kominote pa yo pou plis asistans.

Anplwaye SNUG yo se mesaje ki fyab ki abite nan kominote yo travay yo, epi kèk nan yo te enplike nan sistèm jistis penal la oswa te pèdi pwòch yo akòz vyolans. Yo travay ak adolesan ak jèn adilt yo pou detekte ak difize diskisyon anvan yo eskalade; reponn ak fiziyad pou anpeche vanjans atravè medyasyon epi ede manm fanmi moun ki blese oswa ki mouri; epi konseye jèn ki patisipe nan pwogram nan pou fikse objektif epi konekte yo ak opòtinite edikatif ak travay ansanm ak lòt sèvis. Pwogram yo angaje kominote a, òganizasyon relijye ak klèje, ak biznis lokal yo tou lè li sponnsorize mach kont vyolans, salon travay, fèt katye, evènman spòtif ak lòt rasanbleman kominotè.

Òganizasyon ak lopital sa yo pral resevwa finansman ak sipò nan men DCJS pou administre SNUG:

Vil Nouyòk ak Long Island

- Bronx – Jacobi Medical Center: 2,702,617 dola
- Hempstead – Asosyasyon Fanmi ak Timoun (Family and Children's Association): 1,164,397 dola
- Wyandanch – Konsèy Opòtinite Ekonomik (Economic Opportunity Council) Konte Suffolk: 746,522 dola

Hudson Valley

- Mt. Vernon – Family Services of Westchester: 1,088,391 dola
- Newburgh – Plan Daksyon Kominote Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Community Action Plan): 896,799 dola
- Poughkeepsie – Family Services Inc.: 1,076,245 dola
- Yonkers – Yonkers YMCA: 1,010,259 dola

Rejyon Kapital

- Albany – Trinity Alliance nan Rejyon Kapital la: 1,820,329 dola ak Albany Medical Center: 262,310 dola
- Troy – Trinity Alliance nan Rejyon Kapital la: 860,134 dola

Nouyòk Santral

- Syracuse – Syracuse Model Neighborhood Facility: 1,820,189 dola ak SUNY Upstate Medical Center: 464,374 dola

Mohawk Valley

- Utica – Rezo Altènatif Kominote Entegre (Integrated Community Alternatives Network): 792,673 dola

Finger Lakes

- Rochester – PathStone Corp.: 1,949,426 dola ak Lopital Jeneral Rochester: 571,002 dola

Rejyon Lwès Nouyòk

- Buffalo – Sant Medikal Konte Erie (Erie County Medical Center): 2,800,915 dola
- Niagara Falls – Misyon Kominotè Niagara Falls (Community Missions of Niagara Falls): 677,170 dola

Fòmasyon konplè, vizit nan sit yo ak sipò DCJS mete SNUG apa pa rapò ak lòt pwogram entèripsyon vyolans ki baze nan kominote a atravè eta ak peyi a. Nouvo anplwaye yo dwe konplete 40 èdtan fòmasyon epi nouvo sipèvizè yo dwe konplete 32 èdtan fòmasyon jesyon. Tout anplwaye yo dwe konplete 40 èdtan fòmasyon devlopman pwofesyonèl chak ane. Fòmasyon ak sipò kontini sa a ede asire ke pwogram nan fonksyone san kanpe nan tout sit SNUG yo malgre se òganizasyon kominotè ak lopital dirijan k ap dirije yo.

Lidè Majorite Sena Eta a Andrea Stewart-Cousins, te deklare "Antanke Senatè Eta a, mwen te fyè pou m defann premye investisman SNUG yo nan Yonkers ak Eta Nouyòk paske mwen te konnen vrè solisyon kominotè yo te kle pou diminye vyolans ak zam epi kenbe katye nou yo an sekirite. Nou te wè pèsonèlman kijan SNUG te chanje lavi yo—entèwonp sik vyolans, bay sipò enpòtan, epi ede jèn yo jwenn yon pi bon chemen. Mwen tèlman fyè dèske Yonkers ap resevwa plis pase 1 milyon dola nan nouvo finansman pou sipòte pwogram pou sove lavi sa a. Antanke Lidè Majorite a, mwen rete angaje nan kontinye investisman entelijan, efikas tankou SNUG atravè Westchester ak Nouyòk. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Delegasyon Westchester mwen an ak Senatè Majorite yo, ansanm ak patnè nou yo nan Asanble a pou lidèchip ak patenarya kontinyèl yo nan batay kont vyolans ak zam. Mwen pa ka tann pou mwen bati sou pwogrè sa a ansanm pou kenbe kominote nou yo an sekirite."

Senatè Eta, Jamaal Bailey, te deklare, "Envesti 20.7 milyon dola nan SNUG pou amelyore efò tankou anpeche vyolans ak zam, sipòte moun ki nan risk, ak ranfòse kominote atravè Eta Nouyòk esansyèl. SNUG se yon patnè esansyèl nan anpeche vyolans ak zam ak yon òganizasyon ki te gen yon enpak siyifikativ sou distri mwen an, epi li pral kontinye fè sa pandan Mt. Vernon – Family Services of Westchester ap resevwa 1,088,391 dola. Lè yo finanse travayè sansibilizasyon yo, travayè sosyal yo, ak sekouris lopital yo, konfli alavni yo ka diminye epi kreye katye ki pi an sekirite ak avni ki pi briyan pou nou tout. Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip ou ak paske ou priyoreze sekirite kominote nou an."

Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare, "Finansman sa a pou SNUG, gen pou wè plis pase jis entèvansyon—li gen pou wè ak chanje kondisyon yo ki mennen nan vyolans an premye. Pwogram Leve Kanpe kont Vyolans (Standing Up to Violence) Lopital Jacobi a te fè egzakteman sa pandan plizyè ane sèvis li yo. Lè nou sipòte mesaj kredib, travayè sansibilizasyon yo, ak sekouris twomatiz yo, n ap asire ke yo plase vrè moun yo pou fè medyasyon konfli, konekte moun ki an risk yo ak opòtinite, epi anpeche pwochen trajedi a anvan li rive. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li envesti nan solisyon reyèl, paske chak katye, chak fanmi, chak timoun nan Bronx merite grandi an sekirite kont vyolans ak zam."

Senatè Eta, Samra G. Brouk, te deklare, "Chak manm nan kominote nou an merite santi yo an sekirite, kèlkeswa kote yo ye. Plis pase 20 milyon dola nan finansman pou diminye vyolans ak zam atravè Eta Nouyòk pral bati sou gwo enpak pwogram tankou GIVE te deja genyen sou kominote yo tankou Rochester. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li abòde kòz rasin vyolans yo epi li sipòte solisyon k ap mache pou pwoteje Nouyòkè parèy nou yo."

Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare, "Pwomote sekirite piblik nan Buffalo ak atravè eta nou an se yon gwo priyorete. Se poutèt sa nou te pase lwa sekirite zam ki pi sevè nan nasyon an epi kontinye finanse inisyativ ki diminye krim ak ranfòse kominote yo. Mwen rekonesan pou sipò Gouvènè Hochul pou pwogram sansibilizasyon sa yo, ki gen yon rekò pwouve nan diminye vyolans ak zam."

Senatè Eta Monica Martinez te deklare, "Vyolans ak zam ap retire lavi Nouyòkè yo epi simen laperèz nan kominote nou yo. Pwogram Sansibilizasyon nan Lari SNUG la se yon zouti pwouve ki anpeche trajedi devastatè sa yo nan angaje moun ki a risk yo epi bay yo sipò ki nesèsè pou yo chwazi yon lòt chemen. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w enskri angajman komen nou pou mete fen nan vyolans ak zam nan Eta Nouyòk nan bidjè egzekitif ane sa a."

Senatè Eta Patricia Fahy, te deklare, "Envesti nan pwogramasyon ki baze sou prèv ak resous sou teren se egzakteman fason nou konbat flewo vyolans ak zam lan. Kreye patenarya ak fòs lòd yo, mete an plas mekaniz kominotè pou mete fen nan sik vyolans tankou Trinity Alliance nan Rejyon Kapital la epi ogmante angajman eta a pou finans inisyativ sa yo se rezon ki fè nou wè pousantaj vyolans ak zam bese nan kominote yo atravè eta a. Mèsi Gouvènè Hochul ak kòlèg lejislatif mwen yo paske yo kontinye travay pou asire Nouyòkè toupatou santi yo an sekirite nan lari nou yo, epi pou mete fen nan epidemi vyolans ak zam isit la nan Eta Nouyòk."

Senatè Eta a Siela Bynoe, te deklare, "Epidemi vyolans ak zam ki deja retire lavi twòp moun atravè Long Island, ak nasyon an, dwe fini. Abòde kòz rasin vyolans ak zam atravè pwogram ki ofri sansibilizasyon kote li pi nesèsè, alafwa nesèsè epi li gen anpil enpak. Mwen rekonesan pou sipò Gouvènè Hochul nan solisyon kominotè nan distri a."

Senatè Eta a Joseph Griffo te deklare, "Li enperatif pou nou kontinye chèche fason pou nou adrese epi redwi vyolans ak zam nan eta a. Finansman sa a pral ranfòse pwogram SNUG nan Utica nan sipòte yon varyete sèvis ak resous enpòtan ki pral amelyore sekirite piblik nan vil la ak nan rejyon an."

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Nou konnen ke sansibilizasyon an mache. Lè moun nan kominote a ap sipòte efò pou konbat vyolans ak zam, yo sove lavi anpil moun. Mwen sipòte Inisyativ GIVE la ak lòt inisyativ anti-vyolans ansanm ak travay SNUG ap kontinye fè nan kominote nou yo. Ekip Repons yo nan Sant Medikal Konte Erie kontinye rete devan liy lan."

Manm Asanble J. Gary Pretlow te deklare, "Pandan n ap kontinye konbat vyolans ak zam nan kominote nou yo, envesti nan pwogram tankou SNUG pa sèlman nesèsè—li vital tou. Finansman sa a ki soti nan men Gouvènè Hochul asire ke nou ka bay resous, konsèy, ak entèvansyon pou moun ki gen plis risk yo, sa k ap kreye katye ki pi an sekirite pou tout moun. Mwen fyè pou m sipòte SNUG ak moun ki devwe yo k ap travay san pran souf pou kraze sik vyolans nan Mount Vernon ak pi lwen."

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Redwi vyolans ak zam se yon priyorite nan pwoteje kominote nou yo. Lè nou travay ak òganizasyon nan kominote a, ansanm nou ka ranfòse mezi sekirite ak metòd prevansyon pou diminye vyolans ak zam."

Manm Asanble John T. McDonald III, te deklare, "Antanke youn nan sipòtè orijinal SNUG ki te kòmanse isit la nan Rejyon Kapital la, mwen te travay kole ak Trinity

Alliance ak moun ki fè pati SNUG epi ki te wè enpak pozitif pwogram nan. Se poutèt sa mwen apresye sipò Gouvènè a pou kontinye devlope pwogram nan, enkli nan Vil Troy kote pwogram nan pran rasin epi ekip sekirite piblik la akeyi li. Done yo valide bezwen enpòtan ak enpak pwogram nan ki fè kominote nou yo vin pi an sekirite."

Manm Asanble Pamela J. Hunter, te deklare, "Mwen rekonesan pou lidèchip ak angajman Gouvènè Hochul pou diminye vyolans ak zam nan kominote nou yo. Envestisman 20.7 milyon nan wogram Sansibilizasyon nan Lari yo, ki gen ladan finansman enpòtan pou Syracuse Model Neighborhood Facility ak SUNY Upstate Medical Center, pral gen yon enpak dirèk ak pozitif sou lavi moun nan 128è Distri Asanble a. Lè li sipòte travayè sansibilizasyon yo, sekouris lopital yo, ak administratè ka yo, inisyativ sa a bay moun ki gen plis risk yo resous ki chanje lavi yo, sa ede kraze sik vyolans yo epi kreye katye ki pi an sekirite. Mwen pa ka tann pou mwen wè pwogrè kontinyèl efò sa yo ki baze sou prèv pou pwoteje ak leve kominote nou yo."

Manm Asanble Jonathan Jacobson te deklare, "Malerezman, vyolans ak zam ap ravaje vil Newburgh ak Poughkeepsie menm jan li fè nan twòp zòn nan Eta ak Nasyon an. Yo dwe abòde vyolans ak zam nan twa fason: mete fen nan trafik zam ki soti andeyò Eta Nouyòk; fè respekte lwa sou zam nou yo ki gen ladann aplikasyon konplè lwa sinyal alam nou yo; epi angaje kominote a atravè òganizasyon kominotè pou dekouraje epi sispann vyolans ak zam anvan li kòmanse. Mwen vle bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman li pou sispann vyolans ak zam lè li sèvi avèk tout twa mwayen yo ak pou investisman nan bidjè ane sa a nan inisyativ kont vyolans ak zam ak òganizasyon kominotè yo."

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Nou malerezman kontinye wè jèn nou yo afekte pa vyolans ak zam ak pwogram sa a ap travay pou diminye vyolans lan. Mwen apresye Gouvènè a ki bay plis finansman pou Pwogram SNUG yo."

Manm Asanble Demond Meeks, te deklare, "Pwogram kominotè tankou SNUG ak GIVE ap fè yon diferans reyèl nan batay kont vyolans ak zam lan. Lè yo konsantre sou medyasyon, konsèy, ak sipò, yo ap ede chanje konpòtman yo epi adrese kòz rasin pwoblèm konplèks sa a. Done yo klè: pwogram sa yo ap ranfòse katye nou yo epi sove anpil lavi. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou l'investi nan resous enpòtan sa yo ki sipòte dirèkteman kominote krim afekte yo nan yon fason ki pa pwopòsyonèl."

Manm Asanble, Jen Lunsford, te deklare, "Envestisman tanjib nan òganizasyon de baz k ap travay pou sispann vyolans ak zam nan kominote nou an te pote fwi pandan ane ki sot pase a. Nou ka wè krim ap desann nan prèske tout kategori ki gen rapò ak zam gras ak kalite livrezon resous vize sa a. Anons sa a Gouvènè a fè jodi a sou gwo finansman pou prevansyon vyolans ak zam pral ede nou kontinye diminye vyolans epi pote lapè ak estabilite nan katye nou yo."

Manm Asanble John Zaccaro, Jr., te deklare, "Twòp fanmi nan Bronx ak atravè kominote nou yo nan Nouyòk te santi efè devastatè vyolans ak zam lan. Pwogram

SNUG la pral ranfòse efò entèvansyon epi konekte moun ki gen risk yo ak resous enpòtan yo. Lè nou abòde kòz rasin vyolans yo epi nou bay entèvansyon ki gen sans, nou pa sèlman anpeche trajedi yo, men tou n ap kreye chemen ki mennen nan avni ki pi briyan pou moun ak fanmi yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak angajman li pou l investi nan pwogram prevansyon vyolans ki pwouve ki fè yon diferans tanjib nan lavi Nouyòkè yo."

Manm Asanble Kwani B. O'Pharrow, te deklare, "Envesti nan pwogram sansibilizasyon ak sipò kominotè tankou SNUG enpòtan anpil pou diminye vyolans ak zam epi ankouraje anviwònman ki pi an sekirite. Mèsi, Gouvènè Hochul, pou angajman w pou transfòme lavi ak kreye chanjman dirab nan kominote nou yo."

Manm asanble Gabriella Romero te deklare, "Ak yon patnè tankou Gouvènè Kathy Hochul k ap investi nan kominote nou yo ki pi bezwen li, n ap fè pwogrè reyèl nan diminye vyolans ak zam ak sove lavi. Mwen vle remèsye Gouvènè a pou angajman kontinyèl li pou solisyon kominotè ki baze sou prèv, tankou SNUG. Investisman 20.7 milyon sa a—ki gen ladan plis pase 2 milyon dola pou Trinity Alliance Albany an ak Albany Medical Center—pral asire travayè sansibilizasyon yo, sekouris lopital yo, ak pwofesyonèl sèvis sosyal yo kapab kontinye travay enpòtan yo pou diminye vyolans ak zam. Inisyativ sa yo ap fè yon diferans, epi mwen rete angaje pou sekirize resous Albany bezwen pou kenbe katye nou yo an sekirite."

Manm Asanble Noah Burroughs, te deklare, "SNUG te fè yon travay ekselan nan kominote a nan distri mwen an. Krim ki gen rapò ak zam yo diminye epi nou ta renmen wè chif sa yo diminye plis. Sa a se yon gwo opòtinite pou 14 kominote nan Eta Nouyòk ke Snug sèvis pou kontinye fè bon travay nan tout kominote li yo. Mèsi Gouvènè Hochul pou investisman sa a nan Hempstead."

Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare, "Sansibilizasyon nan Lari SNUG la gen anpil enpak paske li ekipe òganizasyon kominotè yo pou yo pwofite relasyon ak patenarya ki egziste deja pou redwi vyolans ak zam nan zòn kote y ap sèvi yo. Depi lè li te mete ann aplikasyon SNUG, Rochester te wè yon diminisyon enpòtan nan vyolans, nan tout nivo. Men nou toujou gen travay pou nou fè. Finansman Gouvènè a ap bay Rochester Jeneral Hospital ak Pathstone pral pèmèt yo mobilize anplwaye, pwogram ak sèvis yo bezwen pou elaji inisyativ sekirite piblik ki gen siksè."

Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare, "Envesti nan pwogram SNUG yo ede konstwi kominote ki pi an sekirite epi redwi vyolans ak zam. Sibvansyon sa a pral ede bay fòmasyon ak sipò kontinyèl ki enpòtan pou SNUG epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya li nan ede kenbe sitwayen nou yo an sekirite."

Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare, "Mwen vle remèsye ak bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul ak DCJS pou envestisman kontinyèl yo pou inisyativ SNUG & GIVE yo. Mwen te deklare li anpil fwa anvan, ke Gouvènè sa a se pa sèlman pale, men li fè aksyon. Investisman yo nan pwogram sa yo pèmèt vil tankou Albany fè chwa estratejik avèk sajès pou mete resous sou teren an, etabli koneksyon ak vwazen nou yo

epi pèmèt apwòch altènatif pou konsantre sou sekirite piblik la. Semèn sa a sèlman nan Eta Vil mwen an nou te mete aksan sou yon rediksyon krim nan 3% konpare ak mwayèn 5 ane a & yon rediksyon 21% depi mwen te antre an fonksyon. Anons jodi a sou yon lòt 2 milyon dola pou kenbe pwogram sa yo an mach se yon bagay chak rezidan nan vil Albany selebre. Mesi Gouvènè!"

Majistra Buffalo, Chris Scanlon, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou investisman kontinyèl li nan efò prevansyon kont vyolans isit la nan Buffalo. 2.8 milyon dola yo te bay Sant Medikal Konte Erie pou pwogram Sansibilizasyon nan Lari SNUG la pral bay resous ki enpòtan pou òganizasyon kominotè yo ak sekouris twomatiz yo ki travay san pran souf pou anpeche vyolans ak zam epi sove lavi anpil moun. Nan dènye ane yo, nou te wè pèsònèlman ki jan inisyativ sa yo fè yon diferans reyèl nan katye nou yo epi finansman sa a pral pèmèt nou kontinye pwogrè sa a—konekte moun ki an risk ak sipò yo bezwen epi asire yon Buffalo ki pi an sekirite, ki pi an sante, ki pi solid pou tout."

Majistra Syracuse la, Ben Walsh, te deklare, "Avèk sipò solid Eta Nouyòk, travay ann ekip ak patnè kominotè yo ak entèvansyon efikas pa Syracuse Police, vyolans ak zam diminye anpil nan Vil Syracuse. An 2024, vyolans ak zam te bese nan plis pase 26% nan tout kategori prensipal yo epi vyolans ki pi grav la – viktim fiziyad ki te blese oswa ki mouri yo te bese nan 39%. Finansman sa a pou pwogram sansibilizasyon yo montre Gouvènè Hochul konnen pou diminye vyolans ak zam li mande pou tout kominote a travay ansanm ki se objektif Biwo pou Redui Vyolans ak Zam Majistra (Mayor's Office to Reduce Gun Violence) nou an. Mwen rekonesan anpil pou èd Gouvènè a ak pou travay ak anpil atansyon ak efikas ekip Sansibilizasyon nan Lari SNUG la fè chak jou nan Syracuse."

Majistra Rochester, Malik D. Evans, te deklare, "Lidèchip Gouvènè Hochul ak investisman kontinyèl li nan pwogram tankou GIVE ak Pwojè RISE te jwe yon gwo wòl nan ede nou diminye vyolans ak zam nan Rochester a plis pase 50 pousan nan ane pik yo pandan pandemi an. Investisman sa a nan travayè sansibilizasyon SNUG yo se yon lòt egzanp angajman ak rezolisyon li sou pwoblèm enpòtan sa a epi vil Rochester gen chans pou benefisye patenarya gouvènè a."

Majistra Niagara Falls la, Robert Restaino, te deklare, "Nou apresye investisman kontinyèl Gouvènè Hochul nan pwogram ki ede kenbe kominote nou yo an sekirite. Nou konnen ke kominote nou an benefisye divès inisyativ Gouvènè a avanse. Resous adisyonèl sa yo pral ede kontinye efò nou pou kenbe vil nou an an sekirite."

Majistra Poughkeepsie Yvonne D. Flowers, te deklare, "Gouvènè Hochul kontinye sèvis Vil Poughkeepsie, epi nou rekonesan pou angajman li an vè kominote nou an. Investi nan pwogram sansibilizasyon enpòtan tankou SNUG ranfòse vil nou an nan elaji kapasite pou angaje ak sipòte jèn nou yo, gide yo nan opòtinite pozitif. Ak Pwogram TRAC la ki pa fonksyone ankò, mwen ankouraje Family Services Inc. ak SNUG pou itilize finansman sa a pou devlope lòt inisyativ prevansyon vyolans ak zam epi kreye espas ki an sekirite pou timoun nou yo apre lekòl. Felisitasyon pou SNUG epi

mwen pa ka tann pou mwen kolabore avèk yo pandan n ap travay ansanm pou ini kominote nou an nan batay kont vyolans ak zam lan."

Majistra Utica Michael Galime, te deklare, "Pou nou vrèman aktif ak pwoblèm Vyolans Zam yo, nou dwe asire nou apwoche li nan tout ang. Bon politik ap toujou nan premye plan men resous adisyonèl tankou SNUG yo esansyèl pou bay efektif adisyonèl sou teren an pou ogmante konsyantizasyon ak prevansyon. Nan Utica nou rekonesan pou finansman sa a epi n ap kontinye sipòte SNUG jan sa posib."

Majistra Newburgh la, Torrance Harvey, te deklare, "Yon gwo mèsè pou Gouvènè Hochul paske li te bay plis lajan pou inisyativ anti-vyolans nan vil Newburgh! Finansman sa a se yon etap enpòtan nan direksyon pou ankouraje kominote ki pi an sekirite ak diminye vyolans. Mèsè ankò, Gouvènè Hochul, pou angajman w pou fè Newburgh vin yon kote ki pi an sekirite!"

Majistra Hempstead, Waylyn Hobbs, Jr., te deklare, "Mèsè Gouvènè Hochul dèske w sipòte vilaj nou an atravè pwogram tankou SNUG ki gen bon rezilta nan kominote nou an."

Majistra Troy la, Carmella Mantello, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou investisman kontinyèl li nan SNUG ak travay enpòtan nan pwogram prevansyon vyolans atravè Eta Nouyòk. Nan Troy, nou te wè pèsònèlman enpak pozitif SNUG nan angaje kominote nou yo, diminye konfli yo, epi bay sipò esansyèl pou moun ki an risk yo. Finansman sa a pral ede ranfòse efò sa yo epi ede fè katye nou yo vin pi an sekirite."

Divizyon Sèvis Jistis Penal la bay sipò enpòtan nan tout aspè nan sistèm jistis penal Eta a, ki enkli men ki pa limite a sa sèlman: fòmè fòs lòd yo ak lòt pwofesyonèl jistis penal yo; sipèvizè yon pwogram akreditasyon fòs lòd yo; asire Breathalyzer (tès alkòl) ak ekipman pou fè respekte vitès ke fòs lòd lokal yo itilize pou fonksyone kòrèkteman; jere finansman sibvansyon jistis penal; analize enfòmasyon sou krim ak pwogram nan tout eta a; bay sipò rechèch; sipèvizè depatman pwobasyon konte yo ak altènatif nan pwogram prizon yo; epi kowòdone politik jistis pou jèn yo. Swiv DCJS sou [Facebook](#), [Instagram](#), [LinkedIn](#) ak [X \(anvan li te rele Twitter\)](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)